

**Plon nan Tè Sit Potri Istorik ki nan Trenton yo**  
**Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health, NJDOH)**  
**Enfòmasyon ak Konsèy pou Rezidan yo**

Objektif fich enfòmasyon sa a se pou bay rezidan yo enfòmasyon ak konsèy pou ede yo pwoteje tèt yo ak fanmi yo kont kontaminasyon ki lye ak plon ki nan tè a pandan Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal Etazini (Environmental Protection Agency, EPA) an ap kontinye ankèt li a sou sit potri istorik nan Trenton yo.

**Kisa ankèt EPA a ye, epi kijan mwen kapab aprann plis sou li?**

EPA ap evalye pwopriyete nan Trenton kote yo te konn fabrike potri soti nan ane 1850 rive ane 1930 yo, pou detèmine si tè nan pwopriyete ki toupre a kontamine ak plon ki soti nan ansyen enstalasyon kote yo te konn fabrike potri yo. Aktyèlman, EPA ap preuve echantyon tè ki nan katye Top Road ak East Trenton yo, epi li ap etann ankèt li a nan plizyè lòt zòn nan pwochen mwa ki ap vini yo. Pou jwenn enfòmasyon detaye ak mizajou regilye ki soti nan EPA, tanpri, ale sou: [bit.ly/EPAInvestigationTrentonPotteries](http://bit.ly/EPAInvestigationTrentonPotteries).

**Kijan m ap fè konnen si tè nan pwopriyete mwen an kontamine?**

EPA te fè prelevman echantyon tè pwopriyete yo te idantifye, pandan evalyasyon sa a, kòm pwopriyete potansyèl ki enpakte yo, epi yo prevwa preuve echantyon sou lòt pwopriyete. Ou kapab pran kèk mezi pou pwoteje tèt ou ak fanmi w kont kontaminasyon nan plon ki nan tè a, jiskaske ou konnen si tè lakay ou a kontamine.

**Ki aksyon mwen kapab fè pou pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen kont tè ki kontamine ak plon?**

Timoun yo gen pi gwo risk pou kontamine nan plon ki nan tè a, paske li pi fasil pou yo gen kontak ak tè a oswa pou jwe nan tè a. Timoun piti yo sitou gen risk pou kontamine paske yo kapab mete men yo oswa lòt bagay ki kapab kontamine akoz pousyè plon, nan bouch yo. Men kèk mezi ou kapab pran pou redui ekspozisyon nan tè ak pousyè ki kontamine ak plon:

- Lave men w souvan, sitou anvan ou manje, anvan ou bwè, epi apre ou fin travay nan jaden;
- Retire soulye, manto ak rad pa anlè ou yo anvan ou antre lakay ou;
- Netwaye kay ou chak semèn avèk mòp/eponj ki mouye ak dlo epi savon, yon fason pou anpeche li gen pousyè otank posib;
- Pase aspiratè sou kapèt yo anvan ou pase mòp atè kote ki pa gen kapèt yo; epi
- Benyen bêt kay ou yo souvan.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou redui kontaminasyon nan plon ki nan tè a, tanpri, gade fich Enfòmasyon NJDOH ki nan attachman an sou [bit.ly/NJDOHLeadinSoil](http://bit.ly/NJDOHLeadinSoil) epi gade Enfografi EPA a sou [bit.ly/EPAInfographicLead](http://bit.ly/EPAInfographicLead). Vèsyon espanyòl yo disponib nan [bit.ly/NJDOHLeadinSoil\\_sp](http://bit.ly/NJDOHLeadinSoil_sp) epi nan [bit.ly/EPAInfographicLead\\_sp](http://bit.ly/EPAInfographicLead_sp).

**Ki kèk lòt fason moun kapab kontamine nan plon?**

Moun kontamine nan plon lè yo vale li oswa respire li. Ou kapab jwenn plon nan:

- Penti ki nan kay ki te bati anvan lane 1978;
- Pwodui konsomasyon ki enpòte yo, tankou pwodui kosmetik yo, epis yo, remèd kiltirèl yo, potri yo, ak jwèt yo;
- Plon ou pote lakay ou nan kad lwazi ak aktivite pwofesyonèl ou;
- Dlo yo ponpe nan tiyo ki fèt ak plon; epi
- Tè ak lè ki kontamine.

### **Poukisa kesyon kontamine nan plon an sitou konsène timoun yo?**

Timoun yo pi sansib ak efè danjere plon an genyen pase granmoun yo. Timoun ki fèk fèt epi rive nan laj 6 lane yo, gen plis risk pou plon an gen efè sou sante yo. Epitou, fi ki ansent yo gen yon pi gwo risk, paske kontaminasyon nan plon an kapab gen move efè sou devlopman fetis la. Se sou timoun ki gen mwens pase 6 lane yo plon an gen pi gwo enpak, sitou pandan twa (3) premye ane nan lavi li yo. Plon an gen efè sou devlopman sèvo ak sistèm nève a. Pou timoun yo, kontaminasyon nan plon kapab lakoz entèlijans yo bese, yo toujou an mouvman, difisil pou fè atansyon, pwoblèm devlopman, epi pa tandem tikras pa tikras.

### **An jeneral, kijan mwen kapab anpeche kontaminasyon nan plon?**

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou anpeche timoun piti kontamine nan plon, tanpri, ale sou [bit.ly/NJDOHPreventingLeadPoisoning](https://bit.ly/NJDOHPreventingLeadPoisoning). Men kèk mezi enpòtan:

- Lave men timoun ou an souvan anvan li manje, apre li fin jwe deyò oswa atè, epi anvan li al dòmi;
- Lave jwèt, bibwon, tetin lòt bagay timoun nan ap manyen epi mete nan bouch li,
- Kite soulye yo deyò anvan antre nan kay la;
- Bay timoun ou an manje aliman ki bon pou sante, ki gen anpil fè ak kalsyòm;
- Konsève aliman ak likid yo nan resipyen ki pa gen plon;
- Netwaye atè a epi arebò fenèt yo grasa yon mòp oswa yon eponj mouye epi pwodui netwayaj;
- Chèche konnen si lakay ou gen penti abaz plon anvan ou fè travay renovasyon oswa remodle kay la;
- Itilize métòd travay ak plon ki san danje oswa anboche yon Renovatè ki Sètifye pou kay ki te konstui anvan 1978 yo;
- Itilize sèlman dlo frèt ki soti nan tiyo a pou prepare lèt fòmila, pou bwè epi fè manje;
- Kite dlo a koule pandan 15 a 30 segonn anvan ou bwè li; epi
- Lave rad travay yo apa si travay la mande pou itilize plon.

### **Kisa mwen kapab fè si mwen enkyè pou pa kontamine nan plon?**

Si ou enkyè pou w pa kontamine nan plon, pale ak pwofesyonèl swen sante ou a oswa pwofesyonèl swen sante timoun ou an. Pwofesyonèl swen sante yo kapab pwopozé yon tès depistaj plon nan klinik yo a oswa ba ou yon preskripsyon pou ale nan yon laboratwa. Si timoun ou an pa gen asirans sante oswa si konpayi asirans lan pa garanti tès depistaj plon, Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Trenton nan pwopozé tès depistaj gratis. Si w pa gen asirans sante, tanpri, ale sou [bit.ly/FedQualHealthCenters](https://bit.ly/FedQualHealthCenters) pou jwenn Sant Sante Federal Kalifye ki pi pre lakay ou a.